

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data ngeunaan BSDMKS, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kandaga kecap BSDMKS kapaluruh aya 1354 kecap,anu kapanggih ti Désa Ciomas aya 279 kecap (20,60%), ti Désa Padahanten aya 255 kecap (18,83%), ti Désa Babakan Manjeti aya 193 kecap (14,25%), ti Désa Sukahaji aya 198 kecap (14,62%), ti Désa Palabuan aya 212 kecap (15,65%), jeung ti Désa Sindang aya 217 kecap (16,02%).
- b. Tina 1354 wangun kecap dialék nu digunakeun di 6 désa, kapanggih aya 905 kecap asal (66,83%), 275 kecap rundayan (20,31%), 92 kecap rajékan (6,79%), jeung aya 82 kecap kantétan (6,05%).
- c. Upama dibandingkeun antara wangun kecap lulugu jeung wangun kecap dialék aya sasaruana jeung aya bédana, boh tina jihat fonologis jeung morfologis, boh tina jihat sémantis. Parobahan tina jihat fonologis nyoko kana runtuyan sora antara BSDMKS jeung BSL. Parobahan tina jihat morfologis nyoko kana wangun kecap (asal, rundayan, rajékan, jeung kantétan) antara BSDMKS jeung BSL. Tina jihat sémantis, ayana robah harti BSL jeung basa dialék anu muncul balukar makéna kecap anyar dumasar kana robahna sora katut wangun kecapna. Bédana sémantis BSDMKS téh nyoko kana sinonim jeung homonim.

Kar wilayah dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji jumlah karna aya 292 kar.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh masih kénéh basajan, ngan saukur nalungtik Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji. Ieu hal téh dibalukarkeun ku samporétna waktu, waragad, jeung kamampuh panalungtik. Ku kituna, dipiharep ayana panalungtikan anu leuwih lega, lain ngan saukur di Kacamatan Sukahaji, tapi di Kacamatan séjén nu aya di Kabupatén Majalengka.

Kahirupan basa-basa daérah di Indonesia ditangtayungan ku Undang-undang Dasar 1945. Kitu deui, kaasup sakumna basa dialék, dijamin kahirupan jeung kamekarana ku nagara. Éta hal téh lantaran basa daérah katut dialékna bagian tina kabudayaan nasional. Malah di Jawa Barat mah geus aya Perda No. 5/2003 ngeunaan “Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daérah”.

Sangkan basa daérah, hususna basa dialék henteu kubra, tarékah-tarékah pikeun ngamumulé jeung mekarkeun basa dialék kudu dijalankeun kalayan daria. Papayung hukumna geus aya tinggal prakna. Salaku pituin urang Sunda perlu rempug jukung sauyunan gawé bareng dina miara jeung mekarkeun basa daérah atawa basa indung sorangan, lantaran basa daérah atawa basa indung téh hasil budaya jeung pusaka bangsa pikeun nohagaan kapribadian jeung jati diri bangsa. Basa téh cicirén bangsa, lamun basana leungit, antarasélér bangsana ogé bakal leungit. Dina harti, bangsana mah tetep aya, tapi geus leungiteun cirina, jati dirina, jeung budayana. Ngan saukur aya raga badagna, ari eusina mah euweuh.

